

## Pou Pwopriyetè ak Lokatè



### 1 Tout lokatè fèt pou peye lwave yo.

Byen ke lokatè gen pwoteksyon kont delojman fose, yo toujou oblige peye lwave. Èd pou lwave ta kab disponib pou ede lokatè yo peye lwave yo.

### 2 Konparèt nan tout aktivite jidisyè yo.

Ou fèt pou konparèt nan tout aktivite yo kankou konferans obligatwa yo ak jijman yo, swa vityèl oubyen an pèsòn.

### 3 Kontakte tribunal la.

Si w gen kesyon oswa ou bezwen ranvwaye yon randevou nan tribunal, kontakte biwo seksyon sivil espesyal tribunal la nan konte kote pworiyete lokal la sitiye.

### 4 Aplike pou èd ak lwave.

Pwopriyetè ak lokatè yo kab aplike pou èd ak lwave. Tribunal la ap ranvwaye tout dosye yo pou yon peryòd tan tou kout pandan yap revize yon aplikasyon si swa lokatè a oubyen pwopriyetè a notifye tribunal la epi soumèt prèv aplikasyon a.

### 5 Kowoperasyon Pwopriyetè a.

Tout Pwopriyetè fèt pou kowopere ak aplikasyon pou èd nan lwave ke lokatè a ta depoze. Lè yon lokatè aplike pou èd ak lwave li, pwopriyetè liya fèt pou kowopere ak tout tèm egzijib pou soumèt dokiman, aksepte nenpòt ki fon pou ede peye lwave a ke yo ta bay, epi pa eseye deloje lokatè a pa fòs poutèt lal chache èd.

### 6 Pwopriyetè a pa gendwa deloje lokatè pa fòs san yo pa pase pa pwosesis tribal la.

Sel yon ofisyé pati sivil gendwa deloje yon lokatè pa fòs. Li ilegal pou pwopriyetè a mete yon lokatè deyò ak chanje kadna nan kay la, mete kadna sou pòt yo oubyen koupe gaz, dlo, oswa elektrisite. Tout lokatè ki ta bloke de kay yo ilegalman fèt pou rele lapolis. Biwo Pwokirè Jeneral Noudjèze a gen enfòmasyon adisyonèl nan: [https://www.nj.gov/oag/dcj/agguide/directives/ag-Directive-2021-2\\_Illegal\\_Evictions.pdf](https://www.nj.gov/oag/dcj/agguide/directives/ag-Directive-2021-2_Illegal_Evictions.pdf).

### 7 Opsyon pou evite oswa retade yon delojman fose.

Menm aprè triminal la finn emèt yon jijman pou posesyon, lokatè a ta kab evite yon delojman fose. Aprè yon jijman finn emèt, lokatè a ap resevwa yon avi ki eksplikel tout opsyon liyo.

# Enfòmasyon Resous

## Ministè Zafè Kominotè Department of Community Affairs (DCA) (MZK) ap jere resous èd pou lwaye atravè Noudjèze.

- Pwogram Èd dijans pou Lwaye COVID-19 Emergency Rental Assistance Program (CVERAP) (PEDL) bay èd pou lwaye tanporè ba tout fwaye ak revni ba oswa modere ki afekte pa pandemi a.
- DCA ap jere tout fon CVERAP pou pwopriyetè ak lokatè ki kalifye yo.
- Tout aplikasyon pou èd fêt pou depoze an liy epi yo akòde yo atravè yon sistèm lotri woulan.
- Tout peyman yo ale dirèk ba pwopriyetè yo (ak sèten eksepsyon).

Pou plis enfòmasyon konsènan Pwogram Èd Dijans pou Lwaye, ale sou sit [www.nj.gov/dca/cverap2.shtml](http://www.nj.gov/dca/cverap2.shtml)

Kontakte tribunal la si w bezwen aranjman ADA oswa sèvis entèprèt



STUART RABNER

DWAYEN TRIBINAL LA

GLENN A. GRANT, J.A.D.

DIREKTÈ ADMINISTRATIF PWOVIZWA TRIBINAL YO

JENNIFER M. PEREZ

DIREKTÈ, BIWO TRIBINAL PREMYE ENSTANS YO

TAIRONDA PHOENIX

DIREKTÈ ADJWEN, PRATIK SIVIL LA

CN 12835 - Dawout 2021